# Allahuma bika asbahnaa, wa bika amsaynaa, wa bika nahyaa, wa bika namuutu, wa ilayka anusuuru

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne: Moom bu daan xëy day wax: "Allahuma bika asbahnaa, wa bika amsaynaa, wa bika nahyaa, wa bika namuutu, wa ilayka anusuuru" bu gontee daal di wax: "bika amsaynaa wa bika asbahnaa, wa bika nahyaa, wa bika namuutu, wa ilayka anusuuru" wax na it beneen yoon: "wa ilayka almasiiru".

[Tane na] [رواه أبو داود والترمذي والنسائي في الكبرى وابن ماجه]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu suba gi daan dugg te mooy njëlbeenu bëccëg gi ànd ak fenkug fajar gi day wax: (yaw sama Boroom ci yaw lañu xëye) di làmboo sag càmm, di muuroo sag xéewal, di la soxlaa tudd, di dimbandikoo ci saw tur, di làmboo sa tawfeex, di yëngatu ci sa pexe ak sa kàttan, (ci yaw la ñu gont, ci yaw lañuy dund, te ci yaw lañuy deewe) maanaam kem kàddu yi jiitu ànd ak def ko ci ngoon gi, mu wax: yaw sama Boroom ci yaw lañuy gont, ci sa tur wiy Aji-Dundale ji ci lañuy dunde, ci sa tur wiy Aji-Raye ji ci la nuy deewe, (te ci yaw lañuy dekki jëm) ak dekki ginnaaw dee, ak teqalikoo ginnaaw dajaloo, sunuy mbir di wéy ci nii ci bépp jamono, ak ci gépp anam duma deñ ci loolu te duma ko gàddaay. Bu ngoon gi duggee ginnaw Tàkkusaan mu wax: (yaw sama Boroom ci yaw lañuy gont, te ci yaw lañuy xëye, ci yaw it lañuy dunde, te ci yaw lañuy deewe, te ci yaw lañuy dellu jëmm) di delluwaay bi fii ci àdduna, ak delluwaay bi ak mujj ga, yaw yaa may dundal, yaw yaa may ray.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5490

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee